

Konstriksyon ki ka reziste ak inondasyon yo redwi domaj potansyèl yo kapab sibi nan inondasyon epi yo gendwa redwi prim asirans yo. Nouvo konstriksyon nan plèn inondab nan oblije satisfè estanda pou reziste ak inondasyon yo. Ansyen konstriksyon yo kapab modènize oswa rekonstwi pou redwi risk yo pou yo kapab satisfè kondisyon sa a, oswa pran mezi pasyèl, akoutèm pou abòde pwoblèm sekirite sa yo.

Apèsi


Genyen plizyè kalite pratik nan konstriksyon pou reziste ak inondasyon nou aksepte pou bilding yo kapab reziste ak inondasyon yo pi byen ak pou moun yo kapab rantre lakay yo pi byen.

Pratik sa yo gen ladan yo:

- Elve etaj ki pi ba a.
- Elve ekipman mekanik tankou ekipman elektrik, chofaj, ak plonbri.
- **Pwoteksyon Pasyèl** kote ou itilize materyèl konstriksyon ki kapab reziste dlo epi ou itilize espas ki pi ba nan Altitud Inondasyon Plan an (Design Flood Elevation, DFE) sèlman pou pakin, pou antre nan bilding nan, ak pou yon ti depo. Sa pèmèt dlo antre ak soti kote pa gen moun ki abite, nan pati ki pi ba nan bilding nan, epi gen yon ti kras dega.
- **Pwoteksyon Total** ou bouche deyò bilding nan pou dlo inondasyon pa ka antre epi ou retire baryè pou tout antre ki pi ba pase nivo inondasyon an nan batiman yo itilize pou plizyè rezon ak sa ki pa rezidansyèl yo.


Egzanp Konstriksyon ki ka Reziste ak Inondasyon

Ale sou sitwèb www.nyc.gov/resilientneighborhoods pou w ka wè plis egzanp nan rapò Modènizasyon Pou Risk Inondasyon an.



Bilding rezidansyèl ak pwoteksyon pasyèl

- ① Sit la ranpli nan nivo pi ba tè a
- ② Espas ki anba DFE a se pou pakin, pou antre nan bilding nan, oswa pou yon ti depo
- ③ Sistèm mekanik yo anwo DFE a
- ④ Amelyore plant ak eskalye yo pou aparans batiman an nan lari a



Bilding yo itilize pou plizyè rezon ak pwoteksyon total

- ⑤ Ajoute sou tèt bilding lan pou ranplase espas anba tè a ki pèdi
- ⑥ Itilize pwoteksyon total pou espas komèsyal yo ak barye yo ka deplase

Kondisyon Pou Nouvo Blding yo

Kòd Konstriksyon Vil New York la egzije pou tout nouvo bilding oswa amelyorasyon enpòtan nan plèn inondab ak risk anyèl 1% an* satisfè kondisyon federal pou konstriksyon ki kapab reziste ak inondasyon yo.

- Blding rezidansyèl yo sipoze elve espas moun ap demere yo epi yo kapab itilize espas ki anba DFE a sèlman pou pakin, depo, oswa pou moun antre nan bilding nan. Sistèm mekanik yo dwe elve epi yo dwe itilize metòd pwoteksyon pasyèl pou mi ki antoure yo.
- Anndan Zòn V, ki make kòm zòn ki gen risk pou danje vag yo, espas anba DFE a dwe swa rete ouvri pou akomode vag yo oswa fèt yon fason pou deplase pandan yon tanpèt.
- Blding yo ki pou plizyè rezon oswa sa ki pa rezidansyèl yo kapab swa elve ak pwoteksyon pasyèl, oswa gen pwoteksyon total.

*Selon FIRM 2007 ak PFIRM 2015 ki pi gen plis restriksyon yo.

Asirans Pou Inondasyon

Vil New York gen obligasyon pou mete estanda sa yo an aplikasyon atravè kòd konstriksyon pou li kapab patisipe nan Pwogram Asirans Pou Inondasyon Nasyonal FEMA a. Blding ki pa konfòme ak estanda pou konstriksyon ki kapab reziste ak inondasyon yo gen risk pou inonde ak gen pri asirans pou inondasyon ki pi wo. Gade nan Nòt Enfòmasyon sou Asirans Pou Inondasyon an pou jwenn plis enfòmasyon.

Kondisyon Pou Ansyen Blding yo

Si yo modènize ansyen bilding yo, sa pral redwi risk pou yo sibi dega inondasyon anpil, epi mèt kay yo kapab ekonomize plizyè mil dola chak ane nan prim asirans pou inondasyon. Blding yo fè amelyorasyon enpòtan ladan yo dwe satisfè kòd konstriksyon pou reziste ak inondasyon an tou.

Pou bilding yo pa fè amelyorasyon enpòtan ladan yo, gen mezi adaptation ki bon mache ak akoutèm yo kapab pran pou redwi risk pou sibi dega inondasyon lakòz. Pa egzanzp, yo kapab elve ekipman mekanik pou minimize dega oswa enstale vàn antiretou ki kapab anpeche dlo a retounen (monte nan tiyo yo). Men, mezi sa yo gendwa pa redwi prim yo.

Zonaj

Modifikasyon Tèks Zonaj Pou Rezistans ak Inondasyon an, yon mezi tanporè Minisipalite a te pase apre Sandy pou ede sipòte retablisman apre tanpèt la, retire limit reglemantè ki t ap bloke oswa anpeche rekonstriksyon pwopriyete ki te domaje nan tanpèt yo. Epitou, li garanti bilding ki kapab reziste ak inondasyon yo kenbe karaktè katye yo ak plant ak eskalye pou amelyore aparans bilding lan nan lari a. Yo pral modifye tèks la, ak ide kominote a, pou fè tèks la vin pèmanan ak pou mete leson nou te aprann pandan pwosesis retablisman ak rekonstriksyon an.

Tèm Ou Bezwen Konnen

Altitid Inondasyon Plan (Design Flood Elevation, DFE): minimòm altitud ou dwe monte yon estrikti oswa mete pwoteksyon pou reziste ak inondasyon, pou jwenn li ajoute kantite franbò a egzakteman, epi mete plis wotè pou plis sekirite (ki nòmman 1 a 2 pye selon kalite bilding nan), sou Altitid Inondasyon Debaz la - altitud antisipe yon inondasyon pandan yon tanpèt risk anyèl 1%.

Amelyorasyon Enpòtan: nenpòt reparasyon, rekonstriksyon, re-adaptasyon, bagay ou ajoute oswa amelyore epi ki koute oswa depase 50% valè bilding lan nan mache a nan moman an.

Depatman Planifikasyon Ibèn nan (City Planning) ap travay ak plizyè kominote nan atravè plèn inondab lan pou idantifye estrateji pou dekoupe teritwa ak itilize tè yon fason pou redwi risk pou gen inondasyon epi kore fòs ak kouray vil lan avèk planifikasyon ki adapte pou dire lontan. Pou jwenn plis enfòmasyon, vizite sitwèb www.nyc.gov/resilientneighborhoods.

Enfòmasyon Sou Depatman Planifikasyon Ibèn Nan

Depatman Planifikasyon Ibèn nan (Department of City Planning, DCP) planifye kwasans ak devlopman estratejik pou Vil la kote li planifye sou teren an ak kominote a, devlopman regleman sou fason pou itilize teren ak regilasyon konsènan zonaj, ak kontribisyon li nan preparasyon Estrateji Kapital 10 an Vil la. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb sa a: nyc.gov/data-insights